# Мәмлекетлик хызметлер агентлиги хабарландырады

Image not found or type unknown

“ӨЗИМИЗ КЕЛДИК! ”

Алдын хабар бергенимиздей,  Мәмлекетлик хызметлер агентлиги басламасы менен пуқараларымызға қолайлық жаратыў мақсетинде республикамыздың бәрше район (қала)ларында дийқан базарлары ҳәм саўда комплекслеринде мәмлекетлик хызметлер сондай-ақ,  ПҲАЖ тараўына тийисли хызметлер 10-17-октябрь күнлери көшпели тәртипте көрсетилетуғынлығын мәлим еткен едик.

Ҳүрметли пуқаралар!

ӨЗИМИЗ КЕЛДИК!  жойбары тийкарында Мәмлекетлик хызметлер орайлары ҳәм ПҲАЖ тараўы хызметкерлери тәрепинен көрсетилип атырған көшпели хызметлерден екшемби күни пайдаланбақшысыз ба?

Олай болса,  республикамыздың бәрше район (қала)ларында дийқан базарлары ҳәм саўда комплекслеринде Сизди усы жылдың 17-октябрь күни де саат 9: 00 ден 15: 00 ге шекем күтип қаламыз!

Көшпели хызметлер көрсетилиўи менен бирге тараўға тийисли бийпул ҳуқықый мәсләҳәтлер ҳәмде сайлаў нызамшылығы бойынша үгит-нәсият жумыслары алып барылады.

Биз сизге хызмет көрсетиўден миннетдармыз!

Мәмлекетлик хызметлер агентлиги

Қарақалпақстан Республикасы басқармасы